

Woben Lakwa | Defoe, Desmarattes & Hebblethwaite

Classic Editions

# Woben Lakwa


*Robinson Crusoe*  
an kreyòl ayisyen

Daniel Defoe's *Robinson Crusoe*

Translated by Lyonel D. S. Desmarattes

Edited by Lyonel D. S. Desmarattes

and Benjamin Hebblethwaite



*Woben Lakwa*  
Robinson Crusoe in Haitian Creole  
**Daniel Defoe**

Edited by  
Lyonel Dominique S. Desmarattes and  
Benjamin Hebblethwaite

Translated and adapted by  
Lyonel Dominique S. Desmarattes

Introduced by  
Benjamin Hebblethwaite and  
Lyonel Dominique S. Desmarattes

Activities and questions by  
Benjamin Hebblethwaite and  
Lyonel Dominique S. Desmarattes

Illustrations by  
Frank Godwin and Robert Ball



**Classic Editions**  
Gainesville, Florida  
2012

**Classic Editions**

4221 NW 19<sup>th</sup> Street  
Gainesville, Florida 32605  
United States of America

Telephone: (352) 373-4912  
E-mail: [hebble@ufl.edu](mailto:hebble@ufl.edu)  
Internet: [web.clas.ufl.edu/users/hebble/](http://web.clas.ufl.edu/users/hebble/)

Copyright © 2012 Lyonel Dominique S. Desmarattes and Benjamin Hebblethwaite

All rights reserved. No part of this book may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted, in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording, or otherwise, without the written permission of the publisher.

First Edition

Printed in the United States of America and the United Kingdom

Library of Congress Cataloging-in-Publication Data  
Defoe, Daniel c. 1659–1731; Lyonel Dominique S. Desmarattes and Benjamin Hebblethwaite. Original title: “Robinson Crusoe or The Life and Strange Surprising Adventures of Robinson Crusoe, of York, Mariner: Who lived Eight and Twenty Years, all alone in an uninhabited Island on the Coast of America, near the Mouth of the Great River of Oroonoke; Having been cast on Shore by Shipwreck, wherein all the Men perished but himself. With An Account how he was at last as strangely delivered by Pirates. Written by Himself.” Originally published in 1719.  
ISBN 10: 0-9765196-3-1  
ISBN 13: 978-0-9765196-3-8

Cover painting by Frank Godwin: Defoe, Daniel, and Lora B. Peck; illustrated by Frank Godwin. 1925. *Robinson Crusoe*. Philadelphia: The John C. Winston Company. A high quality image was kindly provided by Laurie Taylor at the University of Florida’s Digital Library Center. Special thanks to Kat Betz for her contributions to the cover design.

I. Defoe, Daniel. II. Desmarattes, Lyonel Dominique S. III. Hebblethwaite, Benjamin.

**Sa k nan liv la:**

*Woben Lakwa* nan kontèks istorik li.....7

\* \* \* \* \*

*Woben Lakwa*

Chapit 1.....22  
Chapit 2.....30  
Chapit 3.....38  
Chapit 4.....47  
Chapit 5.....58  
Chapit 6.....67  
Chapit 7.....75  
Chapit 8.....86  
Chapit 9.....93  
Chapit 10.....98  
Chapit 11.....106  
Chapit 12.....114  
Chapit 13.....124  
Chapit 14.....134  
Chapit 15.....145  
Chapit 16.....154  
Chapit 17.....163  
Chapit 18.....167  
Dènye Mo.....172

\* \* \* \* \*

Kesyon sou chapit yo.....176

### **Dedikas pou:**

Doktè Albert Valdman, direktè-fondatè Enstiti Kreyòl Inivèsite Indiana, nan vil Bloomington, Eta Indiana, pou kokennchenn travay li fè pandan plizyè dizèn lane pou l bay lang kreyòl ayisyen an jarèt. Se yon fason pou m di li mèsè nan non tout sanba ayisyen ki apresye efò san parèy li deplwaye pou l fè koulèv ki rele kreyòl la chita sou ban lekòl ann Ayiti. Chapo ba pou ou, Doktè Albè. Grasa ou menm, anpil lengwis ayisyen byen prepare jounen jodi a pou yo ede lang manman yo a pouse rasin nan sosyete peyi d Ayiti a. Mèsè deske ou montre mwen konesans se richès nan tout lang.

Doktè Bryant Freeman, direktè-fondatè Enstiti Etid Ayisyen Inivèsite Kansas, nan vil Lawrence, Eta Kansas, poutèt ankourajman li bay ekriven kreyolis yo pandan plis pase 40 tan sou wout difisil yo suiv pou yo kore fondasyon bibliyografi kreyòl la. Mwen pa bliye gwo koutmen li te ban mwen pèsonèlman nan piblikasyon *Mouche Defas* (adaptasyon kreyòl *Tartuffe* Molière); li te ede m fè liv sa a parèt 2 fwa nan ane 80 yo. Mwen di Ayibobo pou Konpè Bryant.

Enjenyè Lionel Valentin Rabel, kondisip mwen nan Lycée Pynchinat nan vil Jakmèl, ki te prete m premye woman mwen janm li nan vi mwen. Sa te pase nan fen ane 60 yo, e woman sa a sete *Robinson Crusé*; san rankont nou pètèt pa t ap genyen yon *Woben Lakwa* jounen jodi a. Tokay, mwen pa bliye e mwen di w mèsè anpil.

Pou Vera ak Raymond Withers, 2 misyonè ameriken ki pase plis ke 40 lane ap ede moun Komin Jakmèl, sitou lokalite Loven, nan efò y ap fè pou amelyore kalite lavi yo. Mwen di yo mèsè deske yo montre mwen Woben Lakwa, yon Ewopeyen blan, ak Vandredi, yon Endyen karayib, kapab bay lanmen pou bati yon mond miyò.

## ***Woben Lakwa* nan kontèks istorik li**

Benjamin Hebblethwaite ak  
Lyonel Dominique S. Desmarattes

### **Entwodiksyon**

Liv Dànyèl Defo a (Daniel Defoe) ki nan men w la se *Woben Lakwa* (1719), yon kokennchenn woman klasik ki rakonte istwa lavi yon avantiryè, msysè Woben Lakwa. Nan kòmansman liv la, Woben se yon jennjan angle ki bouke ak egzistans nòmral li e ki anvi fè vwayaj. Li lanse l nan avanti nan yon mond k ap vin deplizanpli piti gras a syans navigasyon ak eksplozyon kolonizasyon ewopeyen an. Woben pral vwayaje an Afrik epi nan Brezil; lèfini li pral fè ofraj nan yon ti zile karayib ki pa twò lwen ak Trinidad. Se la li pral pase 28 an avèk yon sèl plan: rete vivan e chape anba yon izolman total kapital. *Woben Lakwa* se yon seri istwa ki rakonte avanti, peripesi ak dekouvèt Woben fè sou zile kote l atèri a. Modèl moralis ki alabaz woman sa a se suit etap sa yo: dezobeyisans, pinisyon, repantans ak delivrans (Baines 2007:61). Anmenmtan tou, *Woben Lakwa* revele anpil koze matchyavèl e makawon a lega envazyon, kolonizasyon, esklavaj ak konsekans aplikasyon ideyoloji ewopeyen sou kontinan ameriken an.

### **Ki moun Daniel Defoe te ye e pouki li te ekri *Woben Lakwa* ?**

Dànyèl Defo te viv ant 1659 e 1731 nan peyi Angletè, yon gwo zile ki chita bò kote kontinan ewopeyen an.<sup>1</sup> Defo te travay kòm kòmèsan, ekriven, jounalis ak otè trete anonim. Li te vin jwenn yon rekonesans piblik apre piblikasyon liv ki

---

<sup>1</sup> Pou plis enfòmasyon al tcheke:  
[http://en.wikipedia.org/wiki/Daniel\\_Defoe](http://en.wikipedia.org/wiki/Daniel_Defoe)

rele *Robinson Crusoe* a (*Woben Lakwa*). Anpil moun di Defo fè pati premye gwoup moun (ak Richardson e Fielding, pa egzanp) ki te defann epi popilarize ekriti atistik sou fòm woman an. Li te ekri plis pase 500 liv, atik ak trete nan lavi li epi l te ekri sou sijè tankou politik, krim, relijyon, maryaj, sikoloji ak syans sinatirèl. Li te youn nan moun ki ta pral enspire devlopman journalism ekonomik tou.

Defo te konnen anpil difikilte nan vil Lond pandan jenès li. Maladi lapès te touye 70,000 moun nan ane 1665. Yon ane apre sa, an 1666, yon gwo dife ki te pran nan vil la (yo rele li Dife Lond la) te boule rapyetè tout kay nan katye kote l te abite a, esepite kay pa l la epi an 1667 Olandè yo te atake vil Catham sou kot lès Angletè. Lè Defo te gen dizan, manman l te mouri.

Papa ak manman Defo te manm legliz presbiteryen an. Yo te menm voye l nan yon lekòl presbiteryen ki te an dezakò ak legliz e avèk politik ofisyèl Angletè a. Alepòk alejans sa a pat fasil ditou, paske legliz ofisyèl la, Legliz Angletè a, pat tolere divèsite kwayans kretyen nan peyi a. Se konsa, gouvènman anglè a te pèsikite katolik yo menm jan ak presbiteryen yo.

Kòm kòmèsan, Danyèl Defo te vann rad, lèn, diven ak pwodui jeneral yo; men li pat janm konnen yon gwo siksè nan biznis. An 1684 Defo te marye ak Mary Tuffley (Mari Tòfli), ki te pitit yon machann nan Lond. Li te resevwa yon dèt £3,700 liv pou maryaj la. Koup la te fè 8 pitit, pami yo 2 te mouri nan piti. Men, akòz pwoblèm politik ak dèt, moun sispèk maryaj Defo ak Mari Tòfli a te difisil. Poutan li te dire plis pase 40 an.

Defo te pibliye yon gwo divèsite liv ak dokiman. Li te angaje anpil nan piblikasyon liv ak trak sou koze politik, relijyon ak gouvènman. Nan èv sa yo, Defo te pwopoze metòd pou amelyore lasosyete ak lekonomi. Yon bò, li te defann Wa anglè a; yon lòt bò, li te atake pati politik tankou Tori yo. Akòz yon liv ki te pase Legliz Angletè a ak pati politik Tori a nan betiz, lapolis te arete l nan lane 1703 tandiske lajistis te kondane l pou l te pase twa jou sou pilori epi yon tan nan prizon. Men yon desen ki montre Defo sou pilori a:



Aprè Dafo te fin pase yon tan nan prizon Newgate la (Nyougèt), Robert Harley, yon gwo zotobre nan peyi a, te negosye liberasyon misye. An echanj, Defo te dakò pou l fè travay espyonaj bò kote pati politik Tori a. Apre Defo te aksepte kolabore, Harley te peye anpil nan dèt li yo tou.

Kèk jou apre liberasyon Defo, le 26 ak le 27 novanm 1703, li te temwen yon ensidan kote yon gwo tanpèt vyolan ki te kraze vil Lond te koze lanmò 8,000 moun sou lanmè. Moman sa a te make yon nouvo pasaj nan kontribisyon literè li yo. Yon liv li ki te parèt nan ane 1704, *The Storm (Tanpèt la)*, te yon koleksyon entèvyou ak temwayaj moun te bay sou tanpèt la. Anpil kritik panse liv sa a se youn nan premye gwo liv nan domèn jounalis modèn. Jiska 1714, Danyèl Defo te kontinye ekri tèks politik pou divès pati ak moun. Pafwa li te siyen non l, pafwa li te pibliye trete anonim.

Karyè Danyèl Defo kòm otè woman te kòmanse ak piblikasyon *Woben Lakwa* nan lane 1719. Defo te ekri 8 gwo woman epi li te pibliye plizyè liv sou lizay ak savwaviv. Anplis de sa, li te ekri liv sou syans sinatirèl tankou *A System of Magick* (1726) (*Yon Sistèm Maji*). *The Political History of the Devil* (1726) (*Istwa politik dyab la*), se yon trete kote otè presbiteryen an vini ak lide ki fè konprann se ledyab ki te fè



chèf katolik ak gwo chabrak yo an Ewòp òganize kwazad kont mizilman yo. Nan liv la li atire atansyon sou jan yon bann ak yon pakèt kretyen t al fè lagè epi peri nan peyi mizilman yo avèk objektif pou yo te piye richès epi pran vil Jerizalèm. Youn nan pi gwo liv Dànyèl Defo te pibliye se *Tour Through the Whole Island of Great Britain (1724-27)* (*Toune atravè tout zile La Gran Bretay*), yon liv an twa volim ki prezante yon repòtay sou tout ti rakwen peyi li a. Anpil moun sèvi ak liv la kòm yon referans sou Langletè anvan revolisyon endistryèl la te chanje peyi a rapid apati de 1760.

Dànyèl Defo te mouri 24 avril nan lane 1731.

### **Ki kalite liv *Woben Lakwa* ye e kijan moun te resevwa li?**

Woman *Woben Lakwa* a pran fòm yon jounal kote naratè a, Woben Lakwa, rakonte tout sa ki te rive l pandan plis pase trant lane. Sa nan zafè literati klase *Woben Lakwa* kòm yon woman epistolè (sètadi li fèt ak pwoz sou fòm lèt e jounal), konfesyonèl ak didaktik (edikasyonèl). Liv la se yon otobiyografi fiksyonèl sou yon sinistre (yon moun ki viktim yon ofraj) e ki vin rankontre ak esklav, arab, komèsan tik, endyen kannibal, rebèl ewopeyen ak yon maren panyòl ki te viktim yon ofraj tou anvan l rive sove nan fen liv la. Menm si liv la tire enspirasyon l nan istwa moun ki te fè eksperyans kèk ofraj istorik tankou Alexander Selkirk, pifò *Woben Lakwa* diferan ak istwa reyèl yo. Liv la se yon travay imajinasyon ki pa menm ak istwa, mitoloji ni lejand ki te parèt anvan li yo.

Anvan fen 1719, ane kote *Woben Lakwa* te parèt la, woman an te gentan reyenprime 4 fwa tèlman li te popilè. Jiska jounen jodi a, pa gen yon lòt woman ki produi otan vèsyon, tradiksyon ak imitasyon nan listwa literati mondyal la.

### **Kisa ki nan liv la ki jennen kèk lektè jounen jodi a?**

Pwofesè Hebblethwaite sèvi ak liv *Woben Lakwa* a 3 fwa deja nan kou kreyòl ayisyen entèmèdyè li prezante nan Inivèsite Florid la (UF) ak Inivèsite Entènasyonal Florid la (FIU). Se konsa li te resevwa anpil reyaksyon pozitif e negatif etidyan li yo genyen sou liv la. Paske gen eleman nan liv la ki deranje kèk lektè nan epòk nou an, sa vo lapenn pou n abòde

pwoblèm sa yo epi esplike pou ki rezon li enpòtan pou moun reflechi sou kesyon istorik sa yo.

Youn nan pi gwo pwoblèm lektè yo konn genyen se lefèt ke lide ki nan yon liv y ap li *pa* sanble ditou ak lide pa yo, epòk pa yo, oubyen esperans pa yo. Si se pa sa — menm si se yon chedèw tankou *Woben Lakwa* — kèk lektè konn rejte liv la! Yo vin fache epi yo di yo pa renmen l kareman. Nou konprann sa. Men, si nou vle aprann yon bagay sou ki kote Lamerik sòti, se pou n sèvi ak liv ansyen yo kòm bon metòd pou n dekouvri lavi, mantalite, kilti, sosyete ak anbyans ki te egziste sou kontinan sa a nan syèk pase yo (oubyen jan moun te imajine bagay sa yo kòm nan *Woben Lakwa*). Liv ansyen yo ofri pi bon chemen pou nou konnen lepase. Malerèzman, nan lepase kou jodi a dayè, souvan sa k (te) pase a pa bon ditou. Atò a, si yon liv ap ankouraje e jistifye sistèm kolonyalis la, esklavaj, rasism, siperyorite Krisyanism, ak mantalite ewo-santrik — lide moun jwenn tribòbabò nan *Woben Lakwa* — sa pwovoke e jennen plizyè moun ki konn reflechi sou mizè ki makònen ak tranch istorik sa yo, sitou moun ki genyen zansèt ki te sibi move konsekans reyalyte makawon sa yo (tcheke Wheeler 2005 pou yon analiz sou ideyoloji ras nan *Woben Lakwa*).

Se vre genyen esklavaj nan *Woben Lakwa*. Woben te ale an Afrik kòm anplwaye lòt ewopeyen ki te gen objektif pou yo fè kòmès epi achte esklav. Nan dezyèm vwayaj li an Afrik, pirat tik te mete men sou li epi yo te fè l vin yon esklav tou! Apre sa, li te rive libere tèt li epi l te pran jenn Arab ki te akonpaye l nan moman an — msye Zouri — kòm esklav pa l epi li te vann misye kòm yon angaje ak yon kaptenn blan pòtigè ki te sove toulede sou oseyan atlantik la abò yon bato ki ta prale aladeriv. Mantalite esklavajis Woben an rete yon mantalite mèt/sèvitè lè, apre plis pase 18 an izolman sou zile sa a, li fin sove lavi Vandredi — yon amerendyen ki te sipoze mouri nan men kèk lòt amerendyen.

Kòm Woben te sove Vandredi, li te pran misye kòm sèvitè ak konpayèl li. E kòm Woben te sove lavi l, Vandredi te dakò ak aranjman sa a. Nan rapò ant Woben ak Vandredi, nou kapab jwenn yon apèsi sou yon dividal atitud rasyal ak kiltirèl ewopeyen yo te genyen nan dizuityèm syèk la. Woben

panse Vandredi fèt pou l aprann pale ak ekri angle tandiske li menm, Woben, li pa fè okenn efò pou l aprann lang Vandredi a. Jounen jodi a, nou remake anpil anglofòn, Ozetazini kou an Angletè, toujou kenbe atitid monolengwistik sa a! Woben panse amerendyen yo se sovaj, tandiske kilti ewopeyen li a se yon kilti moun sivilize e sivilizatè. Naratè liv la dekri amerendyen yo kòm “kannibal” oswa “manjèdmoun”; amerendyen yo se “sovaj” tou paske yo pa mete rad ewopeyen mete (Wheeler 2005:91). Izaj mo ak imajri “kannibal” la apiye konstriksyon ak pwojeksyon amerendyen yo kòm yon pèp “sovaj” ki bezwen donte. Anmenmtan, Defo prezante Woben kòm yon nèg ki anvè touye moun e ki, an fèt, fin pa touye plizyè swadizan “sovaj.” Kantapou afè touye moun nan, se yon vèb Woben pral konjige san gade dèyè. Sèl diferans ki genyen se absans rityèl kannibal nan fason misye touye moun. Alò, Danyèl Defo sèvi ak rityèl kannibal amerendyen sanse itilize yo pou l maksimize *distans* ki egziste, dapre li, ant kilti ewopeyen an ak kilti amerendyen an. “Sovajri” se te dayè yon ideyoloji relijye, kiltirèl ak politik ki te egziste toupatou an Ewòp (Wheeler 2005:89). Ideyoloji “sovajri” a te *jistifye* kolonizasyon ak Anpi ewopeyen an nan nouvo mond lan (Wheeler 2005:89). Koze “kannibal” la se egzanp yon ideyoloji dominasyon kote amerendyen yo bezwen pasifikasyon oswa lanmò (Ellis 1996:48).

Yon lòt dimansyon ideyoloji ewopeyen ki makònen ak koze kolonyalism ak esklavaj la, se wòl relijyon kretyèn nan. Pou Woben, *Bib* li te jwenn nan bato ki te echwe a, se te yon liv presye pou li pandan long peryòd izolman li. Li te jwenn anpil rekonfò, ankourajman ak konesans ladan l. Woben te konn lapriyè. Woben te konsidere Bondye kòm delivrans li. Panse Woben te branche sou Bondye. Alò otè a prezante Krisyanism kòm yon relijyon *pèsonèl* nan fason li montre kijan Woben, nan izolman li, dekouvri lafwa. Sepandan, depi Vandredi rive, Woben gen yon sosyete: se konsa konpòtman relijye li chanje.

Aprè Woben fin libere Vandredi, nou wè kijan blan an santi kòm si li gen yon obligasyon e menm yon devwa pou li montre endyen an prensip bibliik ak kretyen yo epi pou l

konvèti misye. Anmenmtan tou, Vandredi te prezante lide teyolojik pa l yo epi kèk sèn montre kijan lide ewopeyen ak lide amerendyen yo se lèt ak sitwon sou plizyè pwèn, kòm kwa yo pa sanble ditou-ditou.

Pou tou le de, Woben ak Vandredi, gen yon Bondye (li rele “Benakmouke” pou Vandredi). Poutan, pou Woben, se li menm sèl ki genyen *mè* Bondye a. Sou bò pa l, Vandredi pa leve ak kwayans ledyab — se Bondye sèl ki egziste nan relijyon amerendyen l lan — e pou sa li pa konprann poukisa yon Bondye ki sanse toupuisan kite yon movezè kouwè ledyab kontinye fè move zak sou latè. Eksplikasyon Woben sè ke Bondye vle pini ledyab nan “jou jijman an”; apre sa Bondye pral voye ledyab jete nan yon dife etènèl. Vandredi pa satisfè ak repons Woben an epi Woben pa wè kijan l kapab konvenk Vandredi. Woben fin pa pèdi pasyans e li menm fache kont sèvitè l la; finalman li mande Vandredi sòti al fè yon komisyon pou li. Woben mete ajenou pou l lapriyè Bondye. Lapriyè revele anpil sou mantalite Woben ak lòt kretyen ewopeyen nan epòk li a:

“Mwen te mande Gran Mèt la ban mwen kapasite pou m te bay pòv ti sovaj la edikasyon nan konesans Kreyatè a, pou Lespri Sen an te prepare kè li pou l resevwa limyè Levanjil la. Mwen te priye pou Bondye pèmèt jèn sèvitè m nan rekonsilye avèk Li, pou Li te ban mwen mwayen mwen te bezwen pou m te fè jennonm nan konnen Pawòl la, yon fason pou je l te ouvè e pou nanm ni te sove.”

Alò nou idantifye, nan lapriyè Woben, yon ideyoloji ki te anime kretyen ewopeyen yo atravè plizyè syèk kolonyalism nan. Sètadi, se kretyen ki gen rezon; lòt moun ak kwayans pa yo, se sovajri. Ewopeyen yo te sèvi ak Krisyanism kòm yon sòt de linèt pou yo konprann kilti pa yo ak kilti pa lòt moun (Wheeler 2005:88). Objektif kretyen sa yo se fè moun resevwa “Levanjil” la, sa vle di ba yo ansèyman ki nan *Nouvo Kontra a* (ou *Nouvo Testaman an*). Nou wè tou Woben konsidere Vandredi kòm “sèvitè” l. Si Vandredi pa resevwa kwayans kretyen yo, nanm ni ap pèdi. Menm si kretyen angle

yo te konsidere pèp lòt ras tankou moun, yo te panse kanmenm mond la se yon mond yerachize kote Krisyanism nan ak kilti ewopeyen an anwo, epi tout lòt relijyon ak tout lòt kilti anba (Wheeler 2005:88).

Se konsa nou kapab di *Woben Lakwa* se yon woman ki fonksyone tou kòm yon plan pou motive ak jistifye kolonyalism ewopeyen an ak tout sa k te mache sere sere avè l: avilisman swadizan pèp “sovaj” yo, envasyon peyi vilnerab yo, etablisman kòmès, plantasyon ak lesklavaj, dominasyon kiltirèl, konvèsyon fòse nan relijyon kretyen an, ak ilegalite tout lòt kwayans tankou Vodou, Jidayism, Islam, elatriye. Yon ewopeyen ki ta li liv *Woben Lakwa* ta jwenn tout rezon pou l panse li siperyè moun lòt ras ak relijyon. Pèsonaj Woben an menm — malgre tout danje ak kochma — ankouraje yon ekspansyon ki genyen kòm objektif pou l konvèti moun epi asimile yo ak kilti, kwayans ak lang ewopeyen yo.

Malgre dimansyon pwopagandis liv *Woben Lakwa* a, Wheeler (2005:94) obsève tou kijan woman sa a mete dlo nan diven l sou plizyè pwen. Pa egzanp, Vandredi rakonte Woben kijan kominote amerendyen li a te akeyi yon gwoup maren espayòl ki te chwe sou yon zile. Liv la di Espayòl sa yo “tap viv nan lapè ak sovaj yo.” Yon lòt egzanp kompleksite panse ki nan *Woben Lakwa*, se ezitasyon Woben santi devan lide pou l touye amerendyen yo. Epi tou, konvèsasyon Woben ak Vandredi sou Krisyanism montre tou konfizyon ki genyen nan refleksyon Woben yo (Wheeler 2005:94). Yon lòt ilustrasyon relativite panse Danyèl Defo te pibliye nan yon journal li te konn edite, *The Review*, kote l te di an 1711: “Mesye, m ap di n yon bagay, nan povrete nou, menm sila ki pi bon pami nou an pral vòlè zafè vwazen li; non, ann al pi lwen: li pa pral vòlè zafè vwazen l sèlman, men nan detrès li, li pral MANJE vwazen li; epi priye pou li pa manje vyann pa nou tou.” (site nan Owen 2010: 76).

Konnya la a, nan ane 2012 la, si yon moun byen gade, l ap wè kijan misyon “sivilizatris” *Woben Lakwa* a — ak yon pakèt liv parèy li — te genyen yon kokennchenn enpak nan rejyon Amerik la. Alò pou sa, li enpòtan pou moun konstate ke woman *Woben Lakwa* a fonksyone kòm yon liv

pwopagann ki ankouraje ekspansyon kolonyal ewopeyen an. Kòm Saïd (1978; 1994) soutni sa, kolonyalism nan te pwodui kondisyon ki te nesèsè pou bay entrig ki nan yon woman tankou *Woben Lakwa*; se konsa tou, kontni *Woben Lakwa* — tankou yon miwa — te fasilite ekspansyon kolonyal la tou (Ellis 1996:50). Anmenmtan, *Woben Lakwa* lanse yon avètisman kont yon bann ak yon pakèt danje k ap tann moun ki riske patisipe nan envazyon milti-kontinantal sa a. Wi, *Woben Lakwa* se yon liv ki te parèt nan kè gwo mouvman kolonyal ewopeyen an; li reflekte e ankouraje devlopman sa a. Kidonk, *Woben Lakwa* se yon prèv ki montre wòl santral liv genyen nan kreyasyon ak devlopman ideyoloji ki chanje eskap figi planèt tè a.

### **Poukisa nou te tradui, edite epi pibliye *Woben Lakwa* an kreyòl ayisyen?**

Nou te anbake nan travay tradiksyon, adaptasyon ak redaksyon sa a paske nou kwè *Woben Lakwa* se yon gwo liv klasik ki gen anpil enpòtans ak aplikabilite jounen jodi a. Yon bò, se yon liv ki rakonte yon istwa chaje ak avanti, peripesi, chòk ak vyolans; yon lòt bò, liv la brake limyè sou fason yon pakèt moun sou kontinan ewopeyen an te panse nan epòk li te ekri a. Kòm kreyolis, nou kwè yon bon liv kreyòl kapab boulvèse, amize e an menm tan edike anpil moun. Nou panse tou yon bon liv kreyòl kapab enspire plis moun pou yo metrize epi sèvi plis ak bèl lang kreyòl ayisyen an.

Si yon moun fouye nan listwa estandadizasyon lang yo, li fasil pou li jwenn egzanp kominote lengwistik ki te fòtifye tèt yo gras a piblikasyon liv. Moun ki sèvi ak lang diferan anndan yon sèl kominote oswa peyi fè konkirans antre yo pou yo chache pran yon pozisyon dominan nan sosyete a. Youn nan fason ki pi enpòtan e ki pi dirab nan rivalite lengwistik sa a se piblikasyon nan lang yo. An Azi, pa egzanp, lang koreyen an te vin ofisyalize e inivèsalize nan peyi Kore nan ane 1894 akòz yon bon baz piblikasyon nan lang sa a (Sohn 1999:122). Se plis pase 300 lane piblikasyon nan lang koreyen an ki te prepare devlopman sa a.

Yon egzanp ewopeyen se Lafrans. Jous nan sèzyèm syèk la toujou, lang laten an te domine nan leta ak lekòl devan

lang manman majorite a, lang franse a. Kouwè pwoblèm franse-kreyòl an Ayiti, se te yon ti ponyen moun ki te konn pale, li ak ekri lang laten an tandiske majorite popilasyon franse a te konn pale lang popilè a, franse, oswa yon lang galo-women (tankou Chanpènwa, Galo, Nòman, Pika, Gaskon, elatriye) ki te pi pwòch franse pase laten. Premye tèks ansyen franse, *Les Serments de Strasbourg* ‘Sèman Estrasbou yo,’ te parèt nan nèvyèm syèk la; men sa te pran plis pase 600 lane pou lang franse a te fin pa ranplase lang laten an nan ansèyman ak administrasyon piblik an Frans (Lodge 1993).

Ranvèsman estati yon lang depann de (1) egzistans yon òtograf efikas, (2) yon leksik elaji, (3) yon kò ekriti ki respektab, (4) ak chanjman atitud ak ideyoloji yo. Nòmalizasyon se yon fenomèn kote lasosyete fin pa aksepte yon lang ki te anba yon lòt kòm yon lang nasyonal vènakilè ki genyen fonksyon referansyèl epi ki sèvi kòm mwayen transmisyon eritaj kiltirèl la (Valdman 1988:69-78). Konsènan Ayiti, koze (1) ak (2) se deja yon fètakonpli, men pou koze (3) ak (4) kreyolis yo genyen yon pakèt travay pou yo fè toujou.

Piblikasyon ak devlopman yon kò ekriti nan yon lang ki sibaltèn (sètadi, genyen yon lòt lang k ap mennen devan l) se ekspresyon *enstrimantalizasyon* lang sa a, paske liv rann yon lang enstrimantal, sètadi yo ede li sèvi pou bay konesans epi transmèt eleman kilti ak sivilizasyon; nan de mo, twa pawòl, li sèvi pou fè edikasyon. Depi yon lang gen bon liv, li vin yon enstriman — yon zouti — pou kominikasyon, kolaborasyon ak konstriksyon nan yon sosyete. Lè ekriven yo ekri nan domèn ki nouvo pou yon lang, yo ede elaji vokabilè lang sa a. Enfòmasyon tou nèf sa yo ede simen konesans nan sosyete a. Nouvo konesans nan yon lang tout moun konprann, vin ede plis moun jwenn pen lenstriksyon yo bezwen pou yo fòme tèt yo epi metrize lavi yo (Lodge 1993). Istorikman, lang sibaltèn nan kòmanse rivalize epi depase an kantite piblikasyon liv ki fèt nan lang dominan an. Piti piti lang majoritè ki te anba a kòmanse monte e l vin reskonsab pou leta ak lekòl. Alò, kòm kreyolis, se konsa nou wè travay nou: se yon kontribisyon nan batay pou kreyòl ayisyen an avanse

nan peyi d Ayiti jiskaske li va ranplase franse nan biwo piblik yo e nan edikasyon. Nan pwochen seksyon an, n ap prezante kèk tradiksyon an kreyòl ayisyen ki parèt deja.

### **Ki liv ki deja tradui an kreyòl e poukisa yo enpòtan?**

Youn nan gwo konbit kreyolofòn yo bezwen kontinye, se piblikasyon liv orijinal ak sila ki tradui an kreyòl ayisyen. Kòm nou fèk di, sa fè pati enstrimantalizasyon ak nòminalizasyon lang kreyòl ayisyen an. Piblikasyon liv kreyòl, se premye pyè nan konstriksyon yon Ayiti tounèf kote tout moun kapab aprann. Gen yon pakèt bon tradiksyon an kreyòl ayisyen ki disponib nan epòk n ap viv la. Manman penba a se *Bib la* ki te parèt nan ane 1985 (nan òtograf Faublas-Pressoir la) ak ane 1999 (nan òtograf korije a). *Bib la* gen yon gwo valè kòm liv relijye, istorik ak literè. Pou pote yon ti kontribisyon nan domèn ansyen literati kreyen-nòstik, Hebblethwaite ak Pierre (2005) te pibliye tradiksyon *Levanjil Toma a*. Bi liv sa a se te mete literati ak istwa kreyen yo nan kontèks dekouvèt bibliyotèk Nag Hamadi a.

Yon tradiksyon ki enpòtan anpil nan domèn lasante a se *Kote fanm pa jwenn doktè* (Burns, elatriye 2000). Gwo volim sa a se yon potòrik gid pratik ki chaje ak konesans sou lasante pou moun (fanm kou gason) ki twò lwen oswa ki pa gen mwayen pou y al fè doktè konsilte yo oswa pran kontak ak lòt travayè lasante.

Tradiksyon *Konstitisyon Repiblik d Ayiti* (Dejean ak Dejean 1987) se yon dokiman kle pou gouvènman ayisyen an. Manman lwa peyi d Ayiti fèt pou l disponib nan lang pèp ayisyen an. Disponibilite *Konstitisyon Repiblik d Ayiti* ilistre kijan kreyolofòn yo sipoze kapab gen aladispozisyon yo *tout* lwa ak *tout* dokiman sou aktivite gouvènmantal yo nan lang yo konprann pi byen an, kreyòl ayisyen an. Yon liv ki byen diferan, men ki toujou nan domèn politik la, se tradiksyon Machiavelli, *Kozman sou listwa Titis Liviyis la* (Jisten 1999). Liv sa a pèmèt Ayisyen yo genyen yon lide sou panse politik ak sosyal yon filozòf italyen ki te viv nan kenzyèm syèk la ak sèzyèm syèk la.

Pou sa k gen arevwa ak literati, plizyè bèl tradiksyon deja parèt an kreyòl ayisyen. Literati se pyès teyat, woman ak



pwezi; liv literè yo distrè lektè yo, yo montre yo kondisyon kreyenvivan, epi yo bay moun leson. Plizyè pyès teyat Molyè (Molière) te ekri an Frans nan disètyèm syèk la deja parèt an kreyòl ayisyen (Desmarattes 1983; 2004). Pou literati ventyèm syèk la, tradiksyon gwo woman Albert Camus a, *Etranje!* te parèt (Régis 2008).

Yon dènve kategori tradiksyon nou vle siyale se sila yo ki prezante de oswa plis lang sou menm paj la. Kòm nou te di l nan entwodiksyon *Levanjil Toma a*, liv bileng oswa triling pèmèt lektè yo wè pi rapid kijan ajansman mo yo fèt nan chak lang epi fè yo aprann pi fasil mo nou itilize kòm ekivalan soti nan yon lang pou ale nan yon lòt (Hebblethwaite ak Pierre 2005:6). Nou te pibliye plizyè liv nan kategori sa a. Pa egzanp, nan powèm Marie de France lan, *Pyebwa frenn nan*, Hebblethwaite ak Pierre (2001) mete kreyòl ayisyen ak ansyen franse sou menm paj. Hebblethwaite ak Pierre (2010) se yon tradiksyon powèm an pwòz Arthur Rimbaud, *Une saison en enfer / Yon sezon matchyavèl*. Pou tèt pa l, *Levanjil Toma a* (Hebblethwaite ak Pierre 2005) genyen twa lang ladan l: angle, kreyòl ayisyen ak franse. Finalman, kòm tit la di, liv *Chante Vodou an kreyòl ayisyen ak angle* (Hebblethwaite, et al 2012) ofri de lang sa yo sou menm paj. Liv bileng yo enpòtan anpil paske yo fòme yon pon ant moun, lang ak kilti. Liv ki prezante plis pase yon lang pèmèt lektè yo fè yon analiz lengwistik konparatif rapid epi yo fasilite konesans sou plizyè fwon lengwistik ak kiltirèl.

### **Men anpil, chay pa lou**

Malgre tout pwogrè ki fèt, domèn tradiksyon nan kreyòl ayisyen an bezwen anpil devlopman pou l vin djanm tout bon. Kòm Hebblethwaite (2012) fè obsève sa, plizyè domèn lasyans ak lekòl gen anpil enpòtans, men manke bon liv. Pa egzanp, manke bon liv nan domèn sa yo: 1. Matematik, 2. Biyoloji, 3. Chimi, 4. Fizik, 5. Medsin, 6. Jeni, 7. Famasi, 8. Syans òdinatè, 9. Dwa, 10. Dantis, 11. Enfimyè, 12. Medsin Veterinè, 13. Biznis, 14. Ekonomi, 15. Jounalis, pami lòt disiplin. Pou ayisyen kapab enstale kreyòl ayisyen an sou chèz boure a, nan tout koulwa administrasyon piblik la ak nan edikasyon, li esansyèl pou kreyolofòn yo kontinye met

men nan pwodiksyon liv orijinal ak tradiksyon nan tout yon dividal domèn ki alabaz konesans ak pwogrè.

Kòm yon woman avanti ki chaje ak divès kalite enfòmasyon sou istwa kolonyal la, *Woben Lakwa* gen anpil eleman ki pral enspire ak edike lektè l yo. Tankou lòt liv nou pibliye deja yo, nou swete woman Danyèl Defo a pral amize moun epi fè yo reflechi sou fason kolonizasyon an te dewoule. Nou espere tou efò nou yo pral enspire plis moun pou yo ekri epi pibliye plis nan lang kreyòl ayisyen an.

### **Bibliyografi**

- Anonymous. 1985/1999. *Bib la*. Port-au-Prince: Société Biblique Haïtienne.
- Baines, Paul. 2007. *Daniel Defoe: Robinson Crusoe/Moll Flanders*. New York: Palgrave MacMillan.
- Burns, August, Ronnie Lovich, Jane Maxwell, and Katharine Shapiro. 2000. *Kote fanm pa jwenn doktè*. Steve, Jean Wilner (trans.). Berkeley, CA: The Hesperian Foundation.
- Camus, Albert; Régis, Guy. 2008. *Etranje!* Port-au-Prince: Edisyon Près Nasyonal d'Ayiti.
- Defoe, Daniel, and Lora B. Peck; illustrated by Frank Godwin. 1925. *Robinson Crusoe*. Philadelphia: The John C. Winston Company.  
(See: <http://ufdc.ufl.edu/UF00074466/00001/citation>)
- Defoe, Daniel; illustrated by Robert Ball. 1948. *Robinson Crusoe*. Philadelphia: J.B. Lippincott Co.  
(See: <http://ufdc.ufl.edu/UF00074477/00001/citation>)
- Dejean, Paul, and Yves Dejean. 1987. *Konstitisyon Repiblik d Ayiti, 1987*. Port-au-Prince: Antrepriz Zemes.
- Desmarattes, Lyonel Dominique S. 1983 [2001]. *Mouche Defas*. Coconut Creek, Florida: Educa Vision.
- Desmarattes, Lyonel Dominique S. 2004. *Lekòl medam yo*. Coconut Creek, Florida: Educa Vision.
- Freeman, Bryant. 2010. *English-Haitian Dictionary*. Lawrence, KS: Institute of Haitian Studies.
- Hebblethwaite, Benjamin. Forthcoming. *Underdevelopment and French, development and Haitian Creole: Language policy problems and solutions in Haiti*. *Journal of Pidgin and*

- Creole Languages, 27.2.
- Hebblethwaite, Benjamin with the editorial assistance of Joanne Bartley, Chris Ballengee, Vanessa Brissault, Erica Felker-Kantor, Andrew Tarter, Quinn Hansen, and Kat Warwick. 2012. *Vodou Songs in Haitian Creole and English*. Philadelphia: Temple University Press.
- Hebblethwaite, Benjamin and Jacques Pierre (eds.). 2005. *The Gospel of Thomas in English, Haitian Creole and French*. Gainesville: Classic Editions.
- Hebblethwaite, Benjamin and Jacques Pierre (eds.). 2001. *Pyebwa frenn nan. Tradiksyon kreyòl powèm Marie de France lan: Le Fraisne*. Bloomington: Edisyon Klasik.
- Jisten, Remon L. 1999. *Kozman sou listwa Titis Liviyis la*. New York: Handbound Books.
- Lodge, R.A. 1993. *French, from dialect to standard*. London: Routledge.
- Markman, Ellis. 1996. Crusoe, Cannibalism and Empire. Spaas, Lieve ak Brian Stimpson (eds). In *Robinson Crusoe: Myths and Metamorphoses*, 45-61. New York: St. Martin's Press, Inc.
- Owen, C.M. 2010. *The Female Crusoe: Hybridity, Trade and the Eighteenth-Century Individual*. Amsterdam: Rodopi.
- Rimbaud, Arthur; Hebblethwaite, Benjamin & Jacques Pierre (eds.). 2010. *Une saison en enfer / Yon sezon matchyavèl*. Paris: L'Harmattan.
- Saïd, Edward W. 1994. *Culture and Imperialism*. New York: Vintage Books.
- Saïd, Edward W. 1978. *Orientalism*. New York: Pantheon Books.
- Sohn, Ho-Min. 1999. *The Korean language*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Valdman, Albert. 1988. Diglossia and language conflict in Haiti. *International Journal of the Sociology of Language* 71.67-80.
- Wheeler, Roxann. 2005. *Robinson Crusoe and Early-Eighteenth Century Racial Ideology*. Novak, Maximillian ak Carl Fisher (eds). In *Approaches to Teaching Defoe's Robinson Crusoe*, 88-95. New York: the Modern Language Association.



Ilustrasyon: Frank Godwin

## Chapit 1

Mwen te fèt nan ane 1632, nan vil York, nan yon fanmi alèz ki pat natifnatal peyi a. Papa m te yon etranje, moun Brem; e se nan vil Hull li te fè premye kay li. La, li te vin gen anpil byen nan fè komès; se apre sa li t al abite York. Kòm mwen te twazyèm pitit nan fanmi an e kòm mwen pat aprann okenn pwofesyon, byen bonè mwen te kòmanse fè divès kalte pwojè ki tap pase youn apre lòt nan lespri m. Papa m, ki te fin granmoun, pat kite m leve san enstriksyon; li te ban mwen pi bon pen lenstriksyon yon papa kapab bay yon pitit. Pou sa, li te konn ban m dikte ak pwòp bouch li, ede m fè devwa m, fè m aprann leson m pèsònèlman; apre sa li te voye m nan you bon jan lekòl piblik ki te nan York, e l te vle pou m te fè dwa.

Sepandan mwen te gen lòt pwojè: sèl lide ki te nan tèt mwen, se lide pou m te vwayaje sou lanmè. Dispozisyon sa a te tèlman monte tèt mwen kont volonte papa m e menm kont lòd li te pase m; sa te tèlman bouche zòrey mwen pou m pat tande manman m ak lòt paran ki tap plenyen e fè m repwòch san rete, depi lè sa a yon moun te ka devine yon sòt de madichon tap mennen m nan soufrans ak mizè dirèk-dirèk.

Papa m, ki te yon pèsonaj saj e sevè, te ban m kèk bon konsèy pou l te eseye fè m kite tonbe pwojè k te fin pran tèt mwen an. Yon bon maten, li te rele m nan chanm ni (kote li te rete kouche depi kèk jou ak lagout) e l te pase lontan ap pale de pwojè m nan. Li te mande m ki rezon m te genyen — ou pito ki foli ki te pran m — pou m te leve konsa, m te vle kite kay papa m ak manman m, kite yon peyi kote m te an dwa jwenn nenpòt koutmen avèk espwa pou m te vin rich si m te gen disiplin e si m te travay byen; tou sa, pandan m tap mennen yon lavi dous e agreyab. Li pat ka konprann poukisa m te vle vire do bay tout avantaj sa yo.

Apre sa, papa m te ban m konsèy pou m pat komèt yon erè jenès, pou m pat al chache yon soufrans lanati ak nesans mwen pat pèmèt mwen konnen. Pawòl li yo te chaje ak chalè, chaje ak tandrès. Li te fè m konnen mwen pat nan nesosite pou m t al travay pou m manje, e l te dispoze fè tout

bagay pou l evite sa. Lè l te fin fè devwa l — lè l te fin ban m avètisman sou gwo malè ki tap tann mwen si m te fè tèt di e suiv foli m nan — li te di li pat responsab anyen ankò. An 2 mo 3 pawòl, kòm li te vle fè tout bagay pou byen mwen, si m te vle rete nan kay la e fè bagay yo jan li te vle a, li pa t ap fè anyen ditou pou fè m pati, paske li te konnen se malè ki tap tann mwen. Li te kontinye pou l di kèlkeswa sa m te deside fè, li pa t ap janm bouke priye pou mwen; men an menm tan an tou li te ban m yon avètisman: sè ke Bondye pa t ap beni m si m te fè yon fo pa konsa. Li te fin pa di mwen:

“Pi ta nan lavi a, ou va genyen pou w reflechi pandan lontan sou fason w meprize konsèy mwen yo; lè sa a, pitit mwen, pèsonn pap la pou pote w sekou.”

Franchman, you mesaj chaje ak tandrès konsa te touche m anpil; epi dayè, kouman pou l pat fè efè sou mwen? Kidonk, mwen te pran desizyon pou m pat janm met afè vwayaj nan lide m ankò; okontrè, mwen ta pral rete lakay, dapre konsèy papa m te ban mwen yo.

Elas! Bon dispozisyon sa a te pase kou yon kout zèklè; e fwa sa a, pou lepè pat plenyen nan tèt mwen, mwen te deside pati san m pat di l orevwa. Sepandan mwen pat prese egzekite plan sa a e m te mete dlo nan diven m anvan m te pas *à l'action*. You jou, pandan manman m te parèt plis an gete pase jan l te abitye ye, mwen te rele l apa pou m te fè l konnen pat gen anyen ki te kapab elimine yon pasyon m te genyen pou m t al wè lemond; se te yon maladi ki te anpeche m fè kwakseswa jan m te dwe fè l la, e li ta pi bon si papa m te ban m pèmisyon pati olye l te fòse m pran pèmisyon sa a pou kont mwen. Manman m te antre an kòlè; li te reponn pou l di sete pèn pèdi, li pat bezwen al mete bagay konsa devan papa m: misye te konnen twò byen kisa k te nan pwòp enterè m pou l ta bay benediksyon ni pou yon pwojè ki te ka fè malè m. Manmzèl pat ka konprann kouman lide sa a te fè rete nan tèt mwen toujou apre ti koze papa m te fè sou sa avè m nan, malgre tout bèl pawòl, chaje ak tandrès, plen sajès, ki te sòt nan bouch li nan yon efò li pou l te pran tèt mwen.

Mwen te tann yon ane ankò pase anvan m te chape poul mwen. Pandan tout tan sa a, mwen pat vle suiv konsèy moun

ki tap di m aprann yon pwofesyon. Souvan menm, mwen te konn al plenyen bò kote papa m ak manman m poutèt yo te lage pèlas nan kò m pou yo te chache detounen m sou yon wout mwen te sòti pou m pran ak tout fòs.

Yon jou, pandan m te nan vil Hull pa aza e san m pat menm gen lide pati nan tèt mwen, m te rankontre yon zanmi ki te sou wout pou l t ale Lond pa mè, abò yon bato papa l te genyen. Misye te envite m ale avèk li; e, pou l te vire lòlòy mwen pi byen, li te pale yon langaj maren avè m, sètadi li te fè m konnen vwayaj la pa t ap koute m anyen. Konsa, mwen pat pran kontak ak papa m ni manman m; mwen pat menm jije l nèsesè pou m te fè yo pran nouvèl mwen: mwen te lage tout bagay nan men chans san m pat mande konsantman papa m ni priye Lesyèl pou L te akonpaye m nan vwayaj la. Mwen te neglije konsekans sa te ka genyen e m te monte abò bato a san m pat bay sikonstans yo enpòtans. Jou sa a, ki se pi move jou nan tout vi mwen, se te premye Septanm 1651.

Nan tout istwa limanite, mwen pa kwè genyen yon jenn avantirye ki te kòmanse pase mizè pi bonè pase m, ni ki te soufri pandan pi lontan. Apèn bato a te fè sa, li te kite pò Flèv Humber la, van te pran soufle e lanmè a te kòmanse vin gwo. Kòm se premye fwa mwen te pran lanmè, malèz ak lapèrèz ki te anvayi kò m avèk nanm mwen, te lage m nan yon angwas ki difisil pou m dekri. Depi lè sa a mwen tap reflechi seryezman sou sa m te fè a e sou jistis Bondye ki tap pini m tankou yon ti vakabon tèt di e san respè pou granmoun. Depi lè sa a tou, tout bon konsèy papa m ak manman m te ban mwen yo, dlo-nan-je papa m, priye manman m, tou sa tap repase klèman nan lespri m; e konsyans mwen tap repwoche m poutèt mwen te meprize bon jan leson sa yo, poutèt mwen te neglije devwa m vizavi 2 moun ki te ban m nesans yo e vizavi Bondye.

Pandan tan sa a, tanpèt la tap pran jarèt; menm si se pat anyen devan sa m te deja wè jiskela — sitou devan sa m ta pral wè dezoutwa jou apre — sa te sifi pou fè yon nouvo maren pè. A chak moman mwen te panse lanm lanmè yo ta pral anglouti m; e chak fwa bato a te desann ak mouvman lanm yo, mwen te kwè l ta pral touche fon lanmè a pou l pat janm remonte. Nan sityasyon grav sa a, mwen te fè plizyè

fwa yon pwomès kote m te di:

“Si Bondye sove m nan vwayaj sa a, si L fè m gras kite m touche tè ankò, mwen pa t ap janm monte sou yon bato ankò nan vi m ni ekspoze m devan yon danje konsa ankò; men, mwen tap retounen dirèkteman kay papa m e mwen tap suiv tout konsèy li.”



Ilustrasyon: Robert Ball

Bon panse sa yo, panse saj sa yo te rete nan tèt mwen pandan tan tanpèt la te dire a sèlman, petèt yon ti kras pi lontan. Nan demen van an te bese e m te kòmanse abitye avè l. Pandan tout jounen an, kè m pat kontan ditou, paske mal lanmè te mete m malalèz. Sepandan, lè l ta pral nannuit, tan an te vin klè, van an te bese nèt e sa te pare chemen an pou yon bèl nuit. Lè solèy la t al kouche, pat gen yon sèl grenn nyaj nan syèl la e sete menm bagay lè l te leve nan demen. Konsa, avèk yon ti van dous e lejè ki tap soufle, syèl la ki te ble toupatou plis solèy la ki tap klere kou miwadèzanj — sa te mete devan je m sèn ki pi bèl mwen te janm wè nan tout



vi m.

Sou sizyèm jou vwayaj nou an, nou te rive nan pò Yarinouth la. Kòm van an tap soufle nan move direksyon, bato a pat tèlman fè twòp wout apre tanpèt la. Se konsa nou te oblije mouye nan pò sa a pou n te fè yon kanpe, piske van an te toujou kont nou e li te pase 7 ou 8 jou ap soufle nan direksyon sidwès. Pandan tan sa a, anpil bato ki te sòti Newcastle te antre nan menm pò a ki te sèvi kòm lye randevou pou tout kaptenn bato ak lòt maren ki tap tann yon bon van pou yo te pran direksyon Tamiz la. Men, nan maten twazyèm jou a, van an tap soufle pi fò; tout matlo yo te resevwa lòd pou yo te desann ma yo e plase tout bagay nan batiman an yon jan pou l te pi lejè posib. Vè midi konsa lanmè a te vin move seryezman; lanm yo te kouvri pon an plizyè fwa e preske chak fwa dlo te anvayi bato a. Lè patwon an te wè sa, li te fè jete manman lank la nan dlo. Fwa sa a se te yon tanpèt tèrib, e mwen te wè sou figi maren yo tout sezisman, tout latèrè sitiyaasyon sa a te lage nan lespri yo. Malgre patwon an te fè sa l te kapab pou anyen pat rive bato l la, chak fwa l te pase bò kote m lè l tap sòti nan kabin ni, mwen te toujou tande l di pawòl sa yo tou ba:

“Gran Mèt la, gen pitye pou nou! Nou toutap peri! Lavi nou fini!”

Nan premye moman tribilasyon sa a, mwen te kouche san mouvman, frèt kou mab, tèlman m te pè nan kabin mwen an ki te tou pre gouvènay la, e m pa kwè m kapab di egzatemen nan ki eta lespri m te ye. Mwen te wont anpil chak fwa m te sonje premye repantans mwen an, jan mwen te pilonnen n anba pye ansanm ak tout angajman m te pran yo, akoz kè m ki te vin di. Mwen te sòti nan kabin nan pou m t al wè sa k tap pase deyò a. Se premye fwa nan vi m mwen te wè yon bagay konsa: lanm lanmè yo te gen wòtè yon montay, e chak fwa se sou nou yo te vin kraze. Kèlkeswa kote m te voye je m, sete manman pitit mare vant.

2 bato te pase tou pre nou, chaje kou legba; ma yo te koupe rapyetè. Kèk nan matlo nou yo te fè konnen yon twazyèm batiman te fèk koule apik sou yon ti distans pi devan. 2 lòt bato ki te pèdi lank yo, t al chwe sou kòt la san ma, san direksyon. Batiman ki te pi lejè yo te gen mwens

problèm ak tanpèt la, paske yo pat gen pwa ki te pou anbarase yo, e 2 zou 3 lòt ki te pase bò kote nou tap kouri rantre avèk yon sèl vwal. Nan aswè, mèl la ak kontremèt la te mande patwon an pèmisyon pou yo te koupe ma devan an. Misye pat renmen lide sa a menm; men, kontremèt la te fè l wè byen si yo pat fè sa, bato a tap koule san mank. Boutpoubout patwon an te aksepte. Lè yo te fin koupe ma devan an, sa k te nan mitan an tap souke tèlman fò, yo te sètoblaje koupe l tou pou tout pon an te rete blanch, sòti nan yon bout rive nan yon lòt.

Zanmi lektè, m ap mande nou devinen nan ki eta sitiyasyon sa a te mete mwen, yon mwen menm ki potko janm monte yon bato e ki te deja sibi gwo touman nan mwenn ti move sikonstans. Men, lè m te sonje panse k te vin nan tèt mwen, leson mwen ta dwe tire nan dènye dezas la, epi fason m te meprize tou sa pou m te suiv lide m te gen anvan an, souvni tout bagay sa yo te fè m pè plis pase lanmò. Panse sa yo, mete sou lapèrèz natirèl tanpèt la te pote avè l, te lage m nan yon sitiyasyon mwen pa ka dekri. Men, se potko anyen sa; tanpèt la te tèlman kontinye avèk yon gwo fòs, ata matlo yo te di se premye fwa yo te wè yon bagay konsa.

Bato nou an sete yon bon bato; sepandan li te chaje depase limit. Li te tèlman anfre fon nan dlo a, se detanzantan matlo yo tap rele pou di li ta pral “*fè fon*”. Mwen te mande kisa ekspresyon “*fè fon*” an te vle di, paske m potko konnen sans 2 mo sa yo; e franchman, pito m te rete san konnen. Tanpèt la te tèlman malouk, mwen te fin pa wè yon bagay moun pa wè fasilman: mèl la, kontremèt la ak kèk lòt moun ki te sanble ak boujwa, te tonbe lapriyè paske yo te panse bato a ta pral koule nenpòtkilè. Kòm si se pat anyen toujou, nan mitan nuit la yon nèg yo te voye al vizite lakal batiman an te vin fè konnen li te wè yon gwo twou anba a; tandiske, dapre yon lòt, dlo a te deja monte rive 4 pye de wotè. Konsa yo te mande tout moun monte sou pon an. Mwen te si tèlman pè lè m te tande lòd sa a, mwen te tonbe sou do sou kabann kote m te chita a. Men, kòm nou te nan yon sitiyasyon kote chak koukouy tap klere pou je l, pèsonn pat okipe m; yo te kite m tou enstale sou kabann nan, yo te

menm kwè m te mouri. Mwen te revni byen lontan apre sa. Matlo yo te kontinye ap voye dlo jete. Men, kòm dlo a tap monte plis nan lakal bato a, sanble batiman an tap fin pa koule kanmenm; paske, malgre tanpèt la te kòmanse bese, moun te gen enpresyon li pat posib pou bato a te kontinye navige lontan ase pou l te fin pa antre nan yon pò. Se poutèt sa mèl la te ensiste pou manm ekipaj la te tire kanno pou yo te mande sekou; e, jisteman, yon ti bato ki te fèk fin pase devan nou te riske yon chaloup nan dlo pou l te vin ede nou. Chaloup la te gen anpil difikilte pou l te pwoche bò kote nou; dayè, sa pat parèt posib ditou, menm jan li pat sanble posib non plis pou n te antre ladan n. Alafendèfen, toudenkou matlo chaloup la te rive fè yon dènye efò, yo te menm ekspoze vi yo pou yo te sove pa nou.

Nou te pase yon kòd byen long pa dèyè ba yo, avèk yon bwe ladan n. Matlo ki te nan chaloup la, yo menm, ki pat pè ni traka ni danje, te pase men pran kòd la; nou menm, lè n te fin rale chaloup la rive jous anba kiy batiman pa n nan, nou te vole antre ladan n. Pat gen mwayen pou pèsonn nan nou te eseye monte sou gwo bato yo a; kidonk nou tout te deside kite chaloup la flote. Men, nou te gen pou n mete kap sou latè toutotan nou te kapab e patwon an te fè tokay maren ki te vin ede n yo yon pwomès: li tap antann ni ak mèl bato yo a (sètadi li tap dedomaje misye) sizoka yon move bagay ta rive chaloup la lè l ta touche tè.

Grasa kout zaviwon, oubyen grasa van an ki tap pouse nou jan l te vle, nou te pran direksyon nò jous nou te rive tou pre vil Winterton-Ness. Yon kadè potko fin pase depi n te kite bato nou an; lè n te vire gad dèyè, nou te wè li tap koule a pik, li tap *fè fon*. Se lè sa a, pou lapremye fwa, mwen te aprann sa pawòl "*fè fon*" an vle di nan langaj maren yo.

Pandan tout tan sa a, matlo yo pat sispann voye gwo kout zaviwon ak tout fòs yo pou yo te rive atè, pi pre latè posib. Lè bato a te sou tèt lanm lanmè yo — yon bagay ki te pèmèt nou wè sa k tap pase byen lwen — nou te remake yon gwo foul moun ki te rasanble sou rivaj la pou yo te pote n sekou yon fwa nou ta rive pre yo. Men, elas! Bato a pat ka pwoche. Poutèt sa nou pat ka akwochte li pou jous nou te fin pase Fa Santinèl Winterton nan, paske yon ti kras pi lwen,

kòt la te antre a lwès, bò kote Cromen, e konsa li te menye kase fòs van an. Se nan zòn sa a menm, apre anpil mizè, nou tout te byen kontan debake. Etan de la, nou te pran wout la apye pou n t ale Yarmouth kote moun yo te trete nou yon fason ki soulaje yon kreyenvivan ki an detrès, sètadi avèk anpil swen. Pami bon Samariten sa yo, te genyen majistra kominal la ki te jwenn bon kote pou l mete nou; te genyen komèsan vil la avèk divès mèt bato ki te ban nou lajan ase pou n t ale Lond oubyen retounen nan vil Hull si nou te vle. Se lè sa a bon sans mwen te fèt pou di m pran wout Hull pou m te retounen lakay; se chemen sa a ki ta kapab fè m viv byen; e, san di pètèt, papa m tap touye yon jenn bèf gra pou mwen. Men, kòm mwen te gen yon ti kòb nan pòch mwen, mwen te pran yon lòt desizyon pito: Mwen te pran wout vil Lond apye.

## Kesyon sou chapit yo

Benjamin Hebblethwaite ak  
Lyonel Dominique S. Desmarattes

### Chapit 1

1. Ki madichon ki rive nan *Woben Lakwa*? Ki madichon ki gentan rive nan lavi pa w?
2. Ki erè jenès Woben Lakwa te komèt? Ki erè jenès ou gentan komèt?
3. Ki moun ki *tètli*? Defini oswa esplike mo sa a.
4. Kisa ki vire lòlòy maren yo? Kisa ki vire lòlòy ou menm?
5. Poukisa Woben Lakwa se yonavantirye? Esplike kisa yon anvanti ye? Èske ou se yon avantirye?
6. Ki angwas ki genyen? Sa k ba w angwas?
7. Kisa ki pral anglouti nan liv la? Sèvi ak mo *anglouti* a nan yon nouvo fraz kreyatif.
8. Poukisa Woben Lakwa ak maren yo gen repantans? Kilè ou konn genyen repantans?
9. Esplike pwovèb sa a: “Chak koukouy klere pou je l.” Èske ou kwè nan sa tou?

Haitian Creole Translation / Literature / Adventure Novel

Daniel Defoe's *Robinson Crusoe* (1719) in Haitian Creole with an introduction and reading comprehension questions

"Mennen koulèv lekòl se youn; fè l chita se 2." — Si nou vle aplike pwovèb sa a nan kesyon alfabetizasyon an (kesyon aprann li, aprann ekri) ann Ayiti, nou ta kapab di aprann moun ekri se yon bagay ki nesesè; men sa k pi enpòtan toujou, se mete alapòte yo tèks ak liv ki enteresan pou yo li. Se la nou jwenn kokennchenn kontribisyon Lyonel Desmarattes ki adapte nan lang kreyòl ayisyen an e nan kilti peyi d Ayiti a gwo zèv klasik yo, tankou gran pyès teyat franse yo, epi nan liv sa a li pèmèt Ayisyen yo ak lòt kreyolofòn yo jwenn nan lang manman yo premye kontak ant Ewopeyen yo ak Karayibeyen yo. — Albert Valdman, Inivèsite Indyan, Enstiti kreyòl la

Liv Danyèl Defo a (Daniel Defoe) ki nan men w la se *Woben Lakwa*, yon kokennchenn wòman klasik ki rakonte istwa lavi yon avantiryè, msye Woben Lakwa. Woben pral vwayaje an Afrik epi nan Brezil; lèfini li pral fè ofraj nan yon ti zile karayib ki pa twò lwen ak Trinidad. Se la li pral pase 28 an avèk yon sèl plan: rete vivan e chape anba yon izolman totalkapital.

Lyonel Dominique S. Desmarattes travay nan Vwadlamerik

Benjamin Hebblethwaite travay nan Inivèsite Laflorid


**Classic Editions, Gainesville, Florida**



**5.00 x 8.00**  
203 mm x 127 mm

.432  
10.97mm

*Woben Lakwa* | Defoe, Desmarattes & Hebblethwaite | Classic Editions



**5.00 x 8.00**  
203 mm x 127 mm

Content Type: B&W  
Paper Type: Creme  
Page Count: 188  
File Type: InDesign  
Request ID: CSS738268

